

RINGKESAN

PERSEPSI MAHASISWA DINU PANGAJARAN PRAKTIK MICRO TEACHING SARENG PANGARUHNA KANA EFIKASI DIRI NGAJAR

*(Survey ka mahasiswa program studi pendidikan Guru Sakola Dasar angkatan
2015)*

Ku ;

Hanif Muslim

155020041

Tujuan tina ulikan ieu nyaéta pikeun manggihan: (i) pikeun nangtukeun kumaha persepsi mahasiswa program studi pendidikan Guru Sakola Dasar FKIP Unpas angkatan 2015 kanu palaksanaan pangajaran micro teaching; (ii) nangtukeun kumaha efikasi diri ngajar mahasiswa program studi pendidikan Guru Sakola Dasar FKIP Unpas angkatan 2015 jeung nangtukeun sabaraha gede pangaruh persepsi mahasiswa program studi pendidikan Guru Sakola Dasar angkatan 2015 kana efikasi diri ngajar. Metode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaeta survey ngagunakeun sampel sajumlah 65 mahasiswa program studi pendidikan guru sakola dasar yen kangge milarian pangaruh analisis data nu digunakeun nyaeta analisis regresi linier sederhana ngaliwatan itungan rata-rata skor ngagunakeun SPSS 25.0 Aya oge hasilna nyaeta (i) persepsi mahasiswa dinu pangajaran praktik micro teaching nyaeta 3.815% aya dinu kategori satuju; (ii) tingkat efikasi diri diajar mahasiswa program studi pendidikan guru sakola dasar nyaeta 4.171% aya dina kategori satuju pisan. Dumasar analisis data nu parantos dilaksanakeun hasil panalungtikan pengaruh persepsi mahasiswa dinu pangajaran praktek micro teaching nyaeta ditinggali dina etangan koefisien determinasi ngaliwatan nilai R square micro teaching nu ngagaduhan pangaruh 0.347 ieu hal ditetelakeun persepsi mahasiswa dina pangajaran micro teaching miboga pangaruh 34.7% kana efikasi diri ngajar mahasiswa. Panulis miboga pamadegan kanggo pihak pihak nu pakait nyaeta (i) kanggo mahasiswa diharepkeun tiasa ngalaksanakeun pangajaran praktek micro teaching dugi tiasa ningkatkeun efikasi diri ngajar; (ii) kanggo FKIP sareng Unpas diharepkeun tiasa dijadikeun informasi dinu ningkatkeun efikasi diri ngajar kanggo mahasiswa ngaliwatan pangajaran praktik micro teaching;(iii) kanggo panalungtik sejen diharepkeun tiasa masihan wawasan anu anyar pikeun pangwangunan elmu pendidikan.

Kosa kecap: persepsi mahasiswa dinu pangajaran praktik micro teaching sareung efikasi diri ngajar